



Repiblik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



AKADEMI KREYÒL AYISYEN

**SELEBRASYON MWA LANG AK KILTI KREYÒL, OKTÒB 2019
nan okazyon Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti kreyl (28 oktòb)**

NÒT KONSEPTYÈL

PERYÒD EGZEKISYON

Oktòb 2019



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Kontèks ak jistifikasyon

Depi plis pase trant (30) lane, chak 28 oktòb, nan plizyè peyi sou latè, sitou nan mitan pèp kreyolofòn yo, se selebrasyon *Jounen entènasyonal lang ak kilti kreyòl*. Yon evennman ki rasanble popilasyon, kreyatè, syantifik, òganizasyon nasyonal tankou entènasyonal... An Ayiti (kote ki gen pi gran kominote kreyolofòn nan mond lan), Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) pran tout mwa oktòb la pou li òganize divès aktivite ki lyannen kilti ak lang kreyòl la, nan peyi a ak nan vil, nan peyi etranje, ki gen anpil Ayisyen.

Pou mwa oktòb 2019 sila a, AKA vle pote kèk nouvote. Mete sou aktivite Akademi an konn abitye reyalize chak mwa oktòb, tankou (konferans deba, atelye, espozisyon zèv kreyòl, fòmasyon pou pwofesè kreyòl ak jounalis, elatriye.), Akademi an ap inisyè divès aktivite : lansman gran **Pri Lang Kreyòl** k ap kòmanse ane sa a avèk **Konkou nouvel kreyòl**, pwogram **Seminè lekti-ekriti kreyòl**.

Pri Lang Kreyòl (Konkou nouvel kreyòl 2019), **Seminè lekti-ekriti kreyòl** se pi gwo inisyativ AKA ki pral make mwa oktòb 2019 la.

Nan Selebrasyon 2019 la, jan sa toujou fèt chak ane, AKA ap chache kolaborasyon tout enstitisyon patnè li yo pou li yo : Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl, Ministè kilti ak Kominikasyon, Inivèsite Leta Ayiti, Fakilte Lengwistik Aplike (FLA), Sekreteri Leta Alfabetizasyon, Fondasyon Maurice Sixto, Biwo Nasyonal Etnoloji (BNE), Direksyon Nasyonal Liv (DNL), Sosyete Animasyon ak Kominikasyon Sosyal (SAKS), Sosyete Koukouy, Konfederasyon Nasyonal Vodouyizan Ayisyen (KNVA) ...

An plis aktivite ki abitye fèt nan Dyaspora a, Akademi Kreyòl Ayisyen ap genyen pou li prezan nan Nouyòk, nan Miyami, nan Wachintonn pou divès aktivite kiltirèl ak seminè sou lekti ak ekriti kreyòl.

Chak ane, swa nan okazyon selebrasyon lang matènèl (21 fevriye), swa nan selebrasyon Lang ak kilti kreyòl (28 oktòb), Akademi Kreyòl Ayisyen toujou santre yon semenn aktivite nan yon departman nan peyi a. Konsa, pou mwa oktòb 2019 la, AKA ap òganize yon semenn aktivite nan Departman Sant peyi a (Wo Plato ak Ba Plato) ak kolaborasyon Asosyasyon pwofesè kreyòl nan departman an.

Tèm selebrasyon mwa oktòb 2019 la se :

« An nou toujou sèvi ak lang kreyòl nou nan pale, nan lekti, nan ekriti ! »



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Objektif

- Ankouraje ekriti ak lekti nan lang kreyòl la ;
- Vini ak nouvo aktivite nan pwogram selebrasyon mwa lang ak kilti kreyòl la tankou : **Pri Lang Kreyòl, Seminè lekti-ekriti kreyòl** pou kontinye fè pwomosyon lang kreyòl la;
- Sansibilize popilasyon an sou kesyon Dwa linguistik;
- Anrichi literati ayisyen an ak plis zèv kreyòl;
- Pèmèt AKA vin pi pre jèn yo an patikilye, men sitou popilasyon an, an jeneral;
- Selebre *Jounen entènasyonal lang ak kilti kreyòl* mwa oktòb 2019 la.

Retonbe aktivite yo

- Popilasyon ayisyen an santi AKA pi pre yo e yo menm, yo vin pi pwòch AKA;
- Plis lekòl, elèv, etidyan ak jèn patisipe nan aktivite AKA yo ;
- Popilasyon an pi byen konprann enpòtans selebrasyon *Jounen entènasyonal lang ak kilti kreyòl* la ansanm ak zafè Dwa linguistik sitwayen ayisyen an Ayiti.
- Pwodiksyon zèv kreyòl ap gen posibilite pou yo ogmante pi plis.

Patnè ofisyèl selebrasyon Mwa lang ak Kilti kreyòl 2019

- Ministè Kilti ak Kominikasyon
- Direksyon Nasyonal Liv
- Inivèsite Leta Ayiti
- Asosyasyon Pwofesè lang kreyòl
- Direksyon lise ak kolèj nan Pòtoprens
- Otorite ak Notab Plato Santral
- UNESCO



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Kalandriye aktivite mwa lang ak kilti kreyòl 2019

Aktivite	Dat / lè	Lokal
Konferans pou Laprès	Madi 1e Oktòb, 10è AM	Akademi Kreyòl Ayisyen
Seremoni ofisyèl lansman mwa kreyòl Lansman Gran Pri Lang Kreyòl AKA Ministè Kilti ak Kominikasyon	Vandredi 4 oktòb, 10è AM	Oditoryòm Mè Lali (Sainte Rose de Lima)
Konferans nan inivèsite ak nan lekòl	Pandan tout mwa Oktòb la	Inivèsite Notre-Dame, CUC, Lise ak kolèj nan kapital la.
Mardi du livre, AKA / Direksyon Nasyonal Liv (DNL)	Madi 8, 22, 29 oktòb	DNL / Lise Dèlma / Lise PV / Lise Jèn fi.
Semèn aktivite nan Depatman SID Fòmasyon pou pwofesè kreyòl (Didaktik lang matènèl) / Fòmasyon pou jounalis (Kom. kreyòl) / Konferans / kozri / Espozisyon Liv	24, 25, 26, 27 oktòb	Nan Plato Santral (nan plizyè komin)
Kafe Lodyans “Sou chimen Akademi Kreyòl Ayisyen” ak 2 lòt zèv ki fèk pibliye an kreyòl	Vandredi 18 oktòb, 6è PM	Meri Delma
Lansman Gran pri lang kreyòl	18 oktòb	TNH
Konferans, Vantsiyati liv kreyòl Aktivite kiltirèl nan Sant N a Rive	26 oktòb	Monreal, Kanada
Konferans deba Seminè Lektè - Ekriti nan Dyaspora	5, 12, 26 oktòb	Miyami, Nouyòk, Wachinnton
Seremoni kloti Mwa kreyòl Sware kiltirèl avèk Atis lokal Animasyon BIC	Dimanch 27 oktòb, 4è30	Wozo Plaza, nan Mibalè